



Otorizasyon pou kolekte/pataje enfòmasyon VR-21 (10/2023)

Non:	Dat Nesans:	Nimewo Idantifikasyon Konsyan:
Adrès:		

Biwo Sèvis Karyè ak Edikasyon Kontini – Reyadaptasyon Pwofesyonèl pou Adilt (Office of Adult Career and Continuing Education Services – Vocational Rehabilitation, ACCES-VR) gen otorizasyon pou kolekte oswa pataje enfòmasyon de/bay moun, ajans gouvènman ak lòt antite ki nesèsè (ki enkli Pwogram Asistans Kliyan (Client Assistance Program), ke yo rele CAP tou), ak/oswa anplwaye ki enplike nan readaptasyon pwofesyonèl mwen an.

Mwen menm, oswa reprezantan ki otorize mwen an konprann ke:

- Y ap trete tout enfòmasyon yo kòm konfidansyèl.
- Yo ka voye epi resevwa enfòmasyon konfidansyèl pa mwayen elektwonik.
- Enfòmasyon sa yo ka genyen ladan yo, men yo pa limite a sa, rapò konsènan enfimite mwen, dosye edikasyon, enfòmasyon administrasyon sekirite sosyal, dosye ki gen rapò ak liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon, dokiman ki nesèsè pou detèmine bezwen finansye mwen, ak/oswa lòt enfòmasyon pou ACCES-VR ka detèmine si mwen kalifye pou sèvis yo, ban mwen sèvis reyadaptasyon pwofesyonèl, epi/oswa rekòmande mwen bay lòt sèvis ki nesèsè pou jwenn oswa atenn objektif travay mwen.
- Y ap itilize enfòmasyon yo pataje oswa kolekte yo eksklizivman pou ede m jwenn oswa atenn objektif travay mwen.
- Mwen ka retire otorizasyon mwen an konsènan pataj oswa koleksyon enfòmasyon mwen yo nenpòt lè, lè mwen enfòm ACCES-VR alekri (Remak: Sa p ap afekte aksyon ki te deja fèt avèk pèmisyon m yo).
- ACCES-VR ka bezwen itilize enfòmasyon li te kolekte nan otorizasyon sa pou jere pwogram reyadaptasyon pwofesyonèl la.
- Otorizasyon sa valid pandan dire dosye mwen an amwenke mwen retire li.

Mwen te li tout enfòmasyon ki nan seksyon sa epi mwen konprann Politik Konfidansyalite 102.00 ACCES-VR la ki sou <http://www.acces.nysed.gov/vr/10200-confidentiality-policy>.

Lè mwen mete inisyal nan kazyè sa, mwen otorize devwalman dosye medikal mwen ki ka fè pati dosye mwen.

Siyati mwen ki anba a pwouve ke mwen konprann, dakò, epi mwen bay konsantman pou devwale enfòmasyon sa yo.

Enfòmasyon ke yo ka devwale oswa kolekte, ki gen rapò ak otorizasyon sa ki siyen an, se sa yo:

<input type="checkbox"/> Rapò evalyasyon psikolojik	<input type="checkbox"/> Rapò evalyasyon pwofesyonèl	<input type="checkbox"/> Rapò edikatif
<input type="checkbox"/> Dosye konplè mwen	<input type="checkbox"/> Lòt:	

Objektif otorizasyon sa se pou:

<input type="checkbox"/> Desizyon sou kalifikasyon	<input type="checkbox"/> Plan devlopman	<input type="checkbox"/> Rekòmandasyon pou sèvis
<input type="checkbox"/> Evalyasyon	<input type="checkbox"/> Demann endividyèl	<input type="checkbox"/> Lòt:

Non ak adrès Pwogram/Lekòl ki devwale enfòmasyon sa:

Non ak adrès moun oswa antite y ap pataje enfòmasyon sa yo ba li a:

Yo te eksplike m enfòmasyon konsènan Politik Konfidansyalite ACCES-VR yo klèman, epi mwen te li tout enfòmasyon ki sou fòm sa. Siyati mwen ki anba a pwouve ke mwen konprann, mwen dakò, epi mwen bay konsantman mwen.

Si se pa moun nan, non moun ki siyen fòm nan:	Idantifye relasyon otorite ki siyen nan non moun nan:
---	---

Siyati moun nan oswa Reprezantan ki otorize a

Dat

Otorizasyon sa pou resevwa epi devwale enfòmasyon an te devlope nan kòfòmite ak pwovizyon legal konsènan pataj enfòmasyon sou edikasyon, ak lòt enfòmasyon dapre P.L. 104-191 (HIPAA); 34 CFR 361.38; 45 CFR pati 160 ak 164; 42 Seksyon 290dd-2 Kòd Etazini; 42 CFR pati 2; 38 Seksyon 7332 Kòd Etazini; 38 CFR 1.475; 20 seksyon 1232g Kòd Etazini (FERPA); 34 CFR pati 99 ak 300. Enfòmasyon sa yo te pataje nan dosye konfidansyalite yo pwoteje pa Lwa Federal. Règlemantasyon Federal yo entèdi plis pataj enfòmasyon sof avèk konsantman presi alekri pwopriyete yo.